

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré gambaran ngeunaan kamampuh maca pedaran (Basa Sunda), kamampuh maca pedaran (Basa Indonésia), babandingan kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia), sarta faktor anu ngabalukarkeun siswa mampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012/2013.

Luyu jeung tujuan sarta rumusan masalah dina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun:

1. Kamampuh maca pedaran Basa Sunda siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012/2013 kurang lantaran aya 33 siswa (82,5%) anu can mampuh maca pedaran Basa Sunda, sedengkeun siswa anu mampuh maca pedaran Basa Sunda aya tujuh siswa (17,5%).
2. Kamampuh maca pedaran Basa Indonésia siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012/2013 hadé lantaran aya 31 siswa (77,5%) anu mampuh maca pedaran Basa Indonésia, sedengkeun aya salapan siswa (22,5%) anu can mampuh maca pedaran Basa Indonésia.
3. Babandingan antara kamampuh maca pedaran (Basa sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012-2013 béda pisan, kabuktian ku hasil analisis ieu di handap:
 - 1) can mampuh maca pedaran Basa Sunda lantaran rata-rata kamampuhna 57,83 (kurang ti 75); jeung
 - 2) boga kamampuh maca pamahaman pedaran (Basa Indonésia) lantaran rata-rata kamampuhna 79,4 (lantaran leuwih ti 75).
4. Faktor-faktor nu mangaruhan can mampuhna siswa kelas XI IPA 3 SMAN 14 Bandung taun ajaran 2012/2013 kana maca pedaran (Basa Sunda), di antarana:
 - 1) basa, basa anu dipaké di lingkungan sakola, imah jeung lingkungan masarakatna lolobana ngagunakeun Basa Indonésia;

Hesti Widiastuti, 2013

BABANDINGAN KAMAMPUH MACA PEDARAN (BASA SUNDA) JEUNG PEDARAN (BASA INDONÉSIA) SISWA KELAS XI IPA 3 SMA NEGERI 14 BANDUNG TAUN AJARAN 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) lingkungan, siswa anu rata-rata padumukanana di hésé nyangkem Basa Sunda, éta ngabalukarkeun kurangna minat siswa kana pangajaran maca Basa Sunda jeung pangajaran Basa Sunda di sakola;
- 3) pabukon di sakola, buku Basa Sunda anu disadiakeun di sakola kawilang kurang;
- 4) waktu maca siswa, dina sabulan siswa leuwih loba maca buku Basa Indonésia tibatan buku Basa Sunda, siswa maca buku Basa Sunda ngan saukur maca buku pangajaran nalika lumangsungna pangajaran Basa Sunda; jeung
- 5) karesep kana pangajaran Basa Sunda, siswa leuwih resep diajar Basa Indonésia tibatan Basa Sunda, éta katémbong dina jawaban angkétnya siswa.

Salian data-data di luhur, hasil analisis statistik dina hipotésis katémbong yén t_{itung} leuwih gedé batan t_{tabel} . Nya éta $t_{itung} (4,57) > t_{tabel} (1,99)$. Éta hal ngagambarkeun yén kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) téh béda kalawan taraf signifikan 0,01 jeung taraf kapercayaan 0,975. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pedaran (Basa Sunda) jeung pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung Taun Ajaran 2012/2013. Cindekna hasil analisis data hipotésis panalungtikan ditarima.

Tina pedaran data-data di luhur bisa dicindekkeun, yén siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung Taun Ajaran 2012/2013 can mampuh maca pedaran (Basa Sunda) dibandingkeun jeung maca pedaran (Basa Indonésia), alatan faktor-faktor anu mangaruhan kana éta hal.

5.2 Rékomendasi

Saréngséna ieu panalungtikan, aya sababaraha saran saperti ieu di handap.

1. Pikeun guru
 - 1) karesep maca siswa kudu dironjatkeun ngaliwatan model anu merenah; jeung
 - 2) para siswa dibéré pancén maca pedaran leuwih loba, sangkan ngirut siswa pikeun maca.

2. Pikeun para siswa
 - 1) siswa kudu dibiasakeun nyarita maké Basa Sunda;
 - 2) siswa kudu dibiasakeun resep maca bacaan Basa Sunda; jeung
 - 3) siswa kudu remen latihan maca.
3. Pikeun panalungtik
 - 1) Perlu aya panalungtikan ngeunaan maca pedaran Basa Sunda anu leuwih jembar.

Ku ayana rékomendasi di luhur, mugia aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun pangajaran maca pedaran Basa Sunda hususna, pangajaran séjén umumna, pangpangna di SMA Negeri 14 Bandung.

